

Madan Sara

Kesyon Esansyèl: Ki enpòtans Madan Sara genyen nan ekonomi peyi d Ayiti? Kòman w ka eksplike sa daprè tèks ou sot li a?

An Ayiti, se fi ki travay twaka nan komès ki fè peyi a mache. **Madan Sara** se yon gwoup fi patikilye nan moun sa yo. Lontan lontan genyen ladan yo ki te konn achte danre nan men abitan epi yo vann li lavil.

Tranzaksyon sa yo pèmèt abitan fè plis **benefis** sou pwodui l ap vann yo paske li pap bezwen depanse pou transpò kamyon ale lavil. Epitou yo achte **machandiz** nan men madan sara yo tou pou yo sèvi. Tip tranzaksyon sa yo pèmèt Madan Sara yo fè yon benefis nan chak ale vini yo. Nan tan jodi a genyen yon lòt gwoup fi sa yo ki travèse lanmè pou achte machandiz epi enpòte yo pou vann nan peyi d Ayiti. Madan Sara sa yo menm konn pale lòt lang tankou Fransè, Angle, Panyòl, etc. Yo vwayaje nan avyon oswa bato epitou yo sèvi ak menm transpò sa yo pou pote machandiz yo nan peyi a. Madan Sara enpòtan anpil nan zafè ekonomik peyi d Ayiti tankou tout lòt moun nan



*Yon madan sara
k ap vann nan mache*

biznis yo. Tou de tip Madan Sara yo konn sòti nan menm fanmi oswa nan menm katye a. Yo konn mete tèt ansanm, sèvi youn ak lòt pou fè machandiz yo travèse epi fè kòb la mache nan tout peyi a.